MADRASAH IBTIDAIYAH NURUL HUDA SETUGU
UJIAN MADRASAH (UM)
TAHUN AJARAN 2025/2026

LEMBAR SOAL		
Mata Pelajaran	:	**Bahasa Jawa**
Jenjang	:	**Madrasah Ibtidaiyah**
Hari/Tanggal	:	**Senin, 11 Mei 2026**
Waktu	:	**10.00-12.00 WIB**

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'a kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan identitan Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah dengan menggunakan pensil 2B
3. Isikan jawaban soal ke dalam Lembar Jawaban sesuai petunjuk
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal
5. Jumlah soal sebanyak 50 butir yang terdiri dari 35 butir pilihan ganda, 10 butir pilihan ganda komplek, dan 5 butir uraian, pada setiap butir soal terdapat 4 (empat) pilihan jawaban
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

LIVEWORKSHEETS

I. Pilihen wangsulan siji A, B, C, utawa D sing bener!
Wacan iki kanggo mangsuli pitakon soal nomer 1- 4!

Dumadine Candi Prambanan

Ing jaman biyen, ana kraton gedhe jenenge Kraton Pengging. Raja Pengging duwe putra kang sekti mandraguna aran Bandung Bondowoso. Sawijining dina, Bandung Bondowoso diutus nyerang Kraton Boko sing diprentah dening Prabu Boko, raseksa sing dhuwur lan medeni. Ing paperangan mau, Prabu Boko gugur.

Bandung Bondowoso banjur mlebu menyang Kraton Boko lan ketemu karo putri Prabu Boko sing sulistya banget, asmane Roro Jonggrang. Sanalika, Bandung Bondowoso kepincut lan kepengin ndadekne garwa Roro Jonggrang. Roro Jonggrang sejatine emoh amarga Bandung Bondowoso iku wong sing wis mateni bapake. Nanging, dheweke wedi nolak langsung. Akhire, Roro Jonggrang nggawe rekadaya kanthi menehi bebana.

"Aku gelem dadi bojomu, nanging kowe kudu bisa mbangun sewu candhi mung sajrone sewengi. Kudu rampung sadurunge srengenge njedhul." Bandung Bondowoso sing gumede lan ngrasa sekti banjur nyanggupi bebana kasebut. Wengi iku, Bandung Bondowoso ngetokake kasektene. Dheweke ngundang ewonan jin lan lelembut kanggo mbantu mbangun candhi. Swasana dadi peteng lan medeni, swarane watu sing ditumpuk-tumpuk keprungu ngebaki awang-awang.

Roro Jonggrang sing ndelok saka kadohan dadi kuatir banget. Bareng wis nyedhaki pendhak esuk, jebule candhi sing dibangun wis meh rampung nanging kurang siji. Roro Jonggrang banjur nggugah para dayang lan warga desa. Dheweke prentah supaya nuthuk alu kareben rame lan ngobong damen ing sisih wetan supaya langit katon abang kaya srengenge arep metu. Krungu swara lesung lan ndelok langit malih abang, jago-jago banjur kluruk. Para jin sing wedi karo cahya srengenge banjur bubar lan mlayu tunggang langgang, sanajan candhine kurang siji maneh.

Bandung Bondowoso kaget lan nesu banget bareng ngerti yen dheweke diapusi. Kanthi rasa mangkel dheweke nyedhaki Roro Jonggrang. "Roro Jonggrang! Kowe wis nggunakake cara sing licik. Candhi iki kurang siji, mula kowe wae sing nggenepi dadi candhi sing kaping sewu! Sanalika sawise ngomong mangkono, Roro Jonggrang malih dadi reca watu sing ayu banget. Reca kasebut saiki isih bisa didelok ing njero Candhi Prambanan, lan candhi-candhi ing sakupenge diarani Candhi Sewu.

1. Paraga utama sing sekti mandraguna ana crita ing ndhuwur ….
   A. Bandung Bondowoso
   B. Prabu Boko
   C. Prabu Pengging
   D. Roro Jongrang

2. Roro Jonggrang ora gelem dadi bojone Bandung Bondowoso amarga….
   A. Bandung Bondowoso wis tuwa
   B. Bandung Bondowoso dudu raja
   C. Bandung Bondowoso wis mateni bapake
   D. Bandung Bondowoso ora duwe kasekten

3. Cacahe candhi sing dijaluk Roro Jonggrang ana ….
   A. 100 candhi
   B. 500 candhi
   C. 999 candhi
   D. 1.000 candhi

LIVEWORKSHEETS

4. Bandung Bondowoso nalika mbangun candhi direwangi karo….
   A. para warga Desa Dadapan
   B. para prajurit Kraton Pengging
   C. wadya bala jin lan lelembut
   D. para dayang kraton

5. Ing ngisor iki kewan kang nduwe gaman kuku lan siung yaiku ….
   A. asu, macan, tikus
   B. kucing, macan, singa
   C. gajah, jaran, kucing
   D. kancil, kucing, tikus

6. Sega sakepel dirubung tinggi batangane ….
   A. nanas
   B. pelem
   C. salak
   D. sulak

7. Bapak olehe nyambut gawe direwangi nganti adus kringet. Adus kringet tegese ….
   A. adus karo kringet saben dina
   B. nyambut gawe karo adus kringet
   C. nyambut gawe nganti rekasa banget
   D. nyambut gawe anteng banget

8. Jangkepana parikan ing ngisor iki!
   Manuk emprit, menclok godhong pari
   Dadi murid,....
   A. kudu tuku teri
   B. kudu nduwe dasi
   C. kudu sregep tangi
   D. kudu sing taberi

9. Rujak degan, degane krambil ijo.
   Unen-unen ing ndhuwur kalebu purwakanthi ….
   A. guru lagu
   B. guru lumaksitha
   C. guru swara
   D. guru sastra

10. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha tembung yogyaswara yaiku ….
    A. mesam-mesem
    B. mahasiswa-mahasiswi
    C. mloka-mlaku
    D. wira-wiri

11. Pakdhe Joni kerja dadi sopir bis Magetan - Jakarta. Kerata basane **sopir** yaiku ….
    A. wong sing pinter nyetir
    B. yen ngaso mampir
    C. wong sing ora tau mikir

LIVEWORKSHEETS

D. wong sing mlakune ing pinggir

12. Ukara ing ngisor iki kang kalebu ukara tanggap yaiku ….
    A. Bapak maos koran ing emperan
    B. Ibu mundhut gendhis ing peken
    C. Roti donat dipangan adhik wingi sore
    D. Adhik dolanan layangan ana lapangan

13. Raden Gathukaca satriya sing **gagah …** lan sekti mandraguna.
    Tembung saroja kang mathuk kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku ….
    A. pideksa
    B. santosa
    C. prakosa
    D. perkasa

14. Prajurit kuwi wis manunggal karo rakyat.
    Tembung **manunggal** iku kalebu tembung garba sing asale saka ….
    A. ma + nunggal
    B. manungsa + tunggal
    C. manung + tunggal
    D. marang + tungga

15. Tembang Kinanthi iku salah sijine tembang Macapat. Tembang Kinanthi iku asale saka tembung *kanthi* sing tegese dituntun utawa dikanthi. Watake tembang kinanthi yaiku ….
    A. sereng, nepsu, medeni
    B. seneng, asih, tresna
    C. susah, nelangsa, melas
    D. galak, asih, melas

16. Tembang macapat iku salah sawijining asli karya sastra jawa awujud puisi utawa geguritan gagrag lawas. Tembang macapat iku kanggo sarana nggambarake lakune urip manungsa wiwit saka kandhutan ibu nganti tekan pati. Cacahe tembang macapat ana ….
    A. 8
    B. 9
    C. 10
    D. 11

17. Cacahe gatra (larik) saben sapada (bait) ana ing tembang macapat diarani ….
    A. Guru gatra
    B. Guru lagu.
    C. Guru wilangan
    D. Guru swara

18. Gatekna gatra tembang ing ngisor iki!
    "ngelmu iku kelakone kanthi laku"
    Guru wilangan lan guru lagune gatra ing ndhuwur yaiku ….
    A. 11a
    B. 11u
    C. 12i
    D. 12u

LIVEWORKSHEETS

19. Omah iku katon resik banget amarga saben dina disapu.
Kosok balene tembung **resik** yaiku ….
A. kemproh
B. reged
C. kumel
D. kebak

20. Rahmat kuwi bocah sing lantip ana ing sekolahan mula akeh kanca sing nyenengi. Tembung ***lantip*** uga diarani ….
A. bodho
B. kesed
C. pinter
D. sregep

21. Bocah kuwi anggone nari jaipong tansah gandhes luwes, mripate blalak-blalak, pipine nduren sajuring menawa tangane ….
A. nawon kemit
B. ngundup turi
C. nggandewa pinenthang
D. mucuk eri

22. Kabeh tumindak manungsa ana ing ndonya iki becik utawa ala bakal ketara ana ing tembe mburine. Kaya paribasan becik ketitik, ala ….
A. ketara
B. ketemu
C. ketok
D. kelakon

23. Sandhangan panyigeg kang aran pengkal yaiku ….

A.

B.

C.

D.

24. Nabok nyilih tangan, tegese paribasan kuwi yaiku ….
A. wong sing ora manut prentahe negara
B. wong kang tumindak ala kanthi kongkonan wong liya
C. wong njupuk barange liyan tanpa omongan dhisik
D. wong tuwa njaluk warah marang wong enom

25. Wong sing penggaweyane nglakokake kapal ing segara diarani …
A. Juru tambang
B. Juru mudhi
C. Juru terbang
D. Juru silem

LIVEWORKSHEETS

26. Ukara ngoko alus ing ngisor iki bener, ***kajaba*** ….
    A. Pak, panjenengan wau jebule wes rawuh, to!
    B. Panjenengan badhe tindak pundi?
    C. Nak Ridho apa sida mundhut motor?
    D. Bapak, mengko yen tindak wande, pundhutna sabun, ya!

27. Bapak miyos taun 1965. Angka **1965** yen ditulis angka jawa dadi ….
    A. 
    B. 
    C.
    D.

28. Simbah tindak dhateng peken mundhut sarem, wos, kaliyan gendhis.
    Tembung **gendhis** basa ngokone yaiku ….
    A. beras
    B. jajan
    C. gula
    D. uyah

29. Budhe Santi nggoreng lele ana pawon isuk mau. Wasesane ukara kuwi yaiku ….
    A. Budhe Santi
    B. nggoreng
    C. lele
    D. ana pawon

30. Tembang dolanan yaiku tembang kang ditembangake dening bocah-bocah nalika dolanan.
    Ing ngisor iki kang kalebu tembang dolanan yaiku ….
    A. Jaranan, Sinom, Pocung
    B. Sluku-sluku bathok, Jamuran, Jaranan
    C. Jamuran, Asmarandana, Kinanthi
    D. Pocung, Kinanthi, Jaranan

31. **Anake diidak-idak, mboke dielus-elus.** Batangane cangkriman iki yaiku ….
    A. andha
    B. klambi
    C. kathok
    D. sulak

32. Ing ngisor iki kang kalebu tembung rurbasa yaiku ….
    A. Paklik **menek krambil** ana mburi omah
    B. Warga desa **sayuk rukun** ngresiki lingkungan
    C. Sesawangan ing Tlaga Sarangan **sarwendah** cocok kanggo plesiran
    D. **Putra-putrine** pak Sarto padha mulih saka kutha Surabaya

33. Urutane Punakawan sing bener yaiku ….
    A. Semar, Petruk, Gareng, Bagong
    B. Semar, Gareng, Petruk, Bagong
    C. Semar, Gareng, Bagong, Petruk

LIVEWORKSHEETS

D. Semar, Petruk, Bagong, Gareng

34. Turunane pitik biasa karo karo bekisar diarani ….
    A. bekikuk
    B. wareng
    C. bekisar
    D. brati

35. **Bratasena gugur,** yen ditulis aksara jawa yaiku ….
    A. 
    B.
    C.
    D.

II. Pilihen wangsulan luwih saka siji ing ukara-ukara crita ngisor iki!

36. Simbah nggodhog wedang ana pawon. **Nggodhog wedang** kalebu tembung rurabasa. Ing ngisor iki kang kalebu tembung rurabasa yaiku ….
    A. abang kupinge
    B. adus kringet
    C. adang sega
    D. ngulek sambel

37. Ukara tanduk yaiku ukara kang wasesane nggunakake ater-ater anuswara. Ing ngisor iki kang kalebu **ukara tanduk** yaiku ….
    A. Ibu nyapu latar saben isuk.
    B. Sapine wis dipakani bapak awan mau.
    C. Adhik Damar lagi nggambar montor mabur
    D. Sepedane mbah Raji sing rusak didandani mas Abbas.

38. Panyandra yaiku tembung kang muji kaendahan perangane awak, solah bawa utawa kahanan awak sing apik. Ing ngisor iki sing kalebu tuladhane panyandra kang bener yaiku ….
    A. Ratih pancen bocah kang ayu amarga menawa dheweke mesem untune tansah katon **miji timun**.
    B. Mbak Dewi anggone nari tansah gandhes luwes amarga tanggane **nggandewa pinenthang**.
    C. Budhe Fatimah **cilik atine** nyawang udan angin sing deres ora terang-terang ing wayah sore.
    D. Dadi bocah ora pareng **cupet atine** mundhak ora duwe kanca.

39. Pandhawa iku cacahe ana lima kang dadi pralambang kabecikan. Sanjan kudu nglakoni urip kang kebak pacoban, para Pandhawa tetep nduweni watak kang jujur, rukun, adil lan setya marang bebener. Ing ngisor iki kang kalebu Pandhawa yaiku ….
    A. Duryudana
    B. Puntadewa

LIVEWORKSHEETS

C. Sengkuni
D. Werkudara

40. Purwakanthi yaiku runtute swara, sastra utawa tembung kang ana ing ngarep karo tembung kang ana mburine. Purwakanthi digunakne supaya ukara utawa geguriran dadi luwih kepenak dirungokne. Purwakanthi kaperang dadi 3 yaiku purwakanthi guru sastra, purwakanthi guru swara lan purwakanthi lumaksitha. Ing ngisor iki kang kalebu purwakanthi guru sastra yaiku …
A. Becik ketitik ala ketara
B. Desa mawa cara negara mawa tata
C. Tata titi tatag tutug
D. Sluman slumun slamet

Kanggo nomer 41 – 45 wenehana tandha centang (✓) ana kolom bener utawa salah jumbuh karo prathelan!

41. Gatekna tembang Durma ing ngisor iki!

Bener luput ala lan becik iku prayoga
Kawruhana matisi
Ya sembrana ing kalya
Wurune laku tatana
Aja tuman dadi saksi
Tanpa prayitna
Basane dadi silihi

	Ukara crita	**Bener**	**Salah**
A	Tembang Durma ing ndhuwur ana 7 gatra.		
B	Gatra kaping 3 guru wilangan lan guru lagune yaiku 7a.		
C	Aja tuman dadi saksi, guru lagune ukara iku yaiku u.		
D	Prayoga tegese tumindak sing becik.		

LIVEWORKSHEETS

42. Gatekana tuladha layang ing ngisor iki!

Malang, 28 Maret 2026
Kanggo Sari Pujiastuti
Ing Kutha Solo Jawa Tengah

Assalamualaikum wr wb

Hai, Sari, piye kabarmu? Muga-muga kowe lan kulawarga ing Solo tansah sehat lan seneng. Aku lan kulawarga ing kene Alhamdulillah ya sehat kabeh.

Sari, aku arep crita sethithik babagan liburan sekolah wingi. Aku ora lunga menyang kutha, nanging aku diajak bapak lan ibu mampir menyang omahe simbah ing desa. Ing kana, aku seneng banget amarga bisa dolan menyang sawah lan melu simbah ngrabuk pari. Sing paling nyenengke, aku uga diajak kanca-kanca desa adus ing kali sing banyune isih bening banget. Seger rasane, beda banget karo swasana ing kutha sing akeh regede. Sanajan mung sedhela, nanging liburan wingi krasa nyenengake banget.Yen kowe piye, Sari? Wingi jarene kowe arep menyang Yogyakarta, apa bener? Crita ya, yen ana wektu longgar!

Cukup semene dhisik ya, layang saka aku. Tak enteni balesanmu.

Wassalamualaikum wr wb

Kancamu,
dindakirana

Dinda Kirana

	Ukara crita	**Bener**	**Salah**
A	Titi mangsa layang ing ndhuwur yaiku Malang, 26 Maret 2026		
B	Layang ing ndhuwur ditulis dening Sari Pujiastuti		
C	*"Cukup semene dhidsik ya, layang saka aku. Tak enteni balesanmu."* Ukara iki diarani surasa basa		
D	*"Hai, Sari, piye kabarmu? Muga-muga kowe lan kulawarga ing Solo tansah sehat lan seneng. Aku lan kulawarga ing kene Alhamdulillah ya sehat kabeh."* Ukara iki salah sijine perangan layang kang diarani satata basa		

43. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Piranti Pagelaran Wayang Kulit

Pagelaran wayang kulit mbutuhake saperangkat piranti khusus sing nduweni piguna lan filosofi dhewe-dhewe supaya critane bisa lumaku kanthi rancag. Piranti sing paling utama yaiku wayang kulit sing digawe saka tatahan kulit kebo lan kelir minangka layar putih panggonane ayang-ayang wayang kumelap. Supaya metu ayang-ayange, ana lampu khusus sing diarani blencong sing dipasang ing ndhuwure Ki Dhalang. Kanggo nancepake wayang, digunakake debog (wit gedhang) rong tumpuk, dene wayang sing durung dilakokake diseleh ana ing kothak wayang.

LIVEWORKSHEETS

Saliyane piranti kuwi, uga ana piranti liyane yaiku Ki Dhalang nggunakake cempala (kayu thothokan) lan kepyak (lempengan wesi) kanggo menehi aba-aba marang para niyaga utawa wong sing nabuh gamelan. Swasana pagelaran dadi tambah gayeng amarga iringan musik gamelan sing laras karo tembang-tembang saka pesindhen.

	Ukara crita	Bener	Salah
A	Wayang kulit digawe saka tatahan kulit lembu.		
B	Kelir minangka layar putih panggonane ayang-ayang wayang kumelap.		
C	Kanggo nancepake wayang, digunakake debog (wit gedhang) rong tumpuk.		
D	Swasana pagelaran dadi tambah gayeng amarga iringan musik gamelan sing laras karo tembang-tembang saka pesindhen.		

44. Wenehana panulisan bener utawa salah Aksara Jawa ing ngisor iki!

	Ukara crita	Bener	Salah
A	aksara jawa iki unine jaket kulit.		
B	Raden Werkudara, yen dulis aksara jawa dadi		
C	 aksara jawa iki unine lemah ureng satumpuk		
D	Jer basuki mawa bea, yen ditulis aksara jawa dadi		

45. Dadi wong Jawa iku kudu ngerti unggah ungguh utawa tata krama marang wong liya. Basa krama inggil iku digunakake wong enom marang wong sing luiwih tuwa. Yen marang sapadhane nggunakake basa ngoko lugu.

	Ukara crita	Bener	Salah
A	Ibu mundhut ageman dhateng peken Solo kala wingi kaliyan Budhe Imah.		
B	Adhik dhahar sate ana ing griyane Simbah.		
C	Budhe rawuh saking Jakarta nitih sepur.		
D	Mas Bambang nembe ndandani kandhang pitik wonten wingking griya.		

LIVEWORKSHEETS

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis!

46. Apa tegese paribasan ing ngisor iki!
    a. Kebo nusu gudel
    b. Anak polah bapa kepradhah
47. Aranana tembang Macapat 5 wae!
48. Owahana ukara ing ngisor iki dadi krama inggil!
    a. Simbah untune lagi lara amarga mangan jenang dhek wingi.
    b. Ibu tuku klambi rupane putih, kuning karo ireng.
49. Owahan ukara ing ngisor iki dadi Aksara Jawa!
    a. Setya tuku lenga regane 16.000 rupiah
    b. Klapa sajanjang digawa kreta
50. Owahana aksara jawa ngisor iki dadi aksara latin!

a. 

b. 

LIVEWORKSHEETS